



DINAS PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
KABUPATEN BOYOLALI
ASESMEN SUMATIF AKHIR TAHUN
SMP KABUPATEN BOYOLALI
TAHUN AJARAN 2024/2025

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : VII (Tujuh)

Hari, Tanggal : Rabu, 28 Mei 2025
W a k t u : 10.00 – 11.30 (90 menit)

PETUNJUK UMUM :

1. Jawaban dikerjakan pada lembar jawaban yang tersedia.
2. Sebelum mengerjakan soal, tulislah terlebih dahulu pada lembar jawab : Nama dan Nomor pada tempat yang disediakan.
3. Bacalah dengan teliti, petunjuk dan cara mengerjakan soal.
4. Perhatikan dan bacalah soal baik-baik sebelum Anda menjawab.
5. Pilihlah jawaban yang paling tepat/betul dan berilah tanda silang (X) pada salah satu huruf A, B, C, atau D.
Contoh jawaban : Jika jawaban yang dianggap betul A : ~~X~~ B C D
6. Jika terjadi kesalahan dalam memilih jawaban, berilah tanda = pada jawaban yang salah itu, kemudian silanglah (X) jawaban yang Anda anggap betul.
Contoh : ~~X~~ B C D jawaban diubah menjadi C : ~~X~~ B ~~X~~ D
7. Memberi tanda X pada dua jawaban atau lebih untuk satu soal dianggap salah.

PETUNJUK KHUSUS :

1. Wenehana tandha ping (X) ing aksara A, B, C utawa D sangarepe wangsulane sing bener!

Wacan kanggo soal nomor 1 - 5.

Plesir Menyang Pantai Teluk Penyu

....

Kaya dene papan wisata liyane, Teluk Penyu iku wujud sawijining pantai ing segara kidul. Pantai Teluk Penyu mapan ing kabupaten Cilacap, Jawa Tengah. Minangka pantai Teluk Penyu saben dinane rame saka wong kang padha plesir.

Pantai Teluk Penyu dadi jujugan wisata alam kang ana ing Cilacap. Ing pantai kasebut bisa nyawang wedhi putih, lan banyu segara kang biru. Kajaba iku, nalika ana ing Teluk Penyu, bakal weruh Pulo Nusakambangan kang edi peni. Uga ana wit-witan kang thukul ing pinggir segara nambah endahing papan wisata kasebut.

Ana uga kapal-kapal nelayan lan kapal gedhe kang padha teka ing pelabuhan. Kejaba iku uga prau kang bisa ditumpaki dening para pelancong menyang Pulo Nusakambangan. Swasana segara kidul pancen nengsemake. Gawe kepincut sapa wae kang padha plesir ing papan iku.

Geneya diarani Teluk Penyu? Jalaran biyen ing papan kasebut akeh penyune. Nanging saiki populasi penyu wis arang. Kabeh mau jalaran saka polahe manungsa.

....

1. Kaya dene papan wisata liyane, Teluk Penyu iku wujud sawijining pantai ing segara kidul. Pantai Teluk Penyu mapan ing provinsi
A. Daerah Istimewa Yogyakarta
B. Jawa Tengah
C. Jawa Barat
D. Jawa Timur
2. Pulo cilik kang mapan ana ing sacedhake pantai Teluk Penyu yaiku
A. Pulo Nusapenida
B. Pulo Sepanjang
C. Pulo Karimunjawa
D. Pulo Nusakambangan

3. Pantai Teluk Penyu dadi jujugan wisata alam kang ana ing Cilacap. Ing pantai kasebut bisa nyawang wedhi putih, lan banyu segara kang biru. Tembung **segara** tegese padha karo tembung
 - A. Samodra
 - B. Wadhuk
 - C. Rawa
 - D. Embung
4. Geneya papan wisata kang kapacak ing wacan kasebut diarani Teluk Penyu?
 - A. Jalaran papan kasebut saiki pancen akeh penyune
 - B. Jalaran saya akeh penyu kang saba ing pinggir pantai
 - C. Jalaran biyen ing papan kasebut akeh penyune
 - D. Jalaran saiki papan kasebut akeh kang dodol penyu
5. Wacan kang asesirah "Plesir Menyang Pantai Teluk Penyu" kasebut kalebu jinise karangan deskripsi jalaran....
 - A. Wacan kasebut ora marakake pamaca lan sapa bae kang ngrungokake kaya ngrasakake lan ngalami dhewe.
 - B. Wacan kasebut wujud karangan fiksi kang nggambarake sawijining bab utawa papan panggonan
 - C. Wacan kasebut durung nggambarake sawijining bab, kahanan, utawa papan, lan barang kanthi peprincen.
 - D. Wacan kasebut nggambarake sawijining bab kanthi peprincen peranan kang ana lan nabet ing indra kang ana.

Wacan iki kanggo nomer 6 - 7

Menyang Museum Ranggawarsita

Museum Ranggawarsita minangka papan nyimpen barang kuna kang jangkep lan lumayan gedhe ing Jawa Tengah. Kajaba kanggo nyimpen maneka barang kuna, museum kasebut dadi papan destinasi wisata edukasi ing Kutha Semarang.

Museum Ranggawarsita mapan ing dalan Abdulrahman Saleh nomer 1 Kalibanteng Kidul, Semarang Barat, kutha Semarang. Kanggo menyang museum Ranggawarsita dalane ora angel, pit, motor rodha loro, lan roda papat kalebu bis wisata bisa mlebu.

Saka punjering kutha, yaiku Simpanglima lan Tugu Muda, pelancong banjur nuju ing Dalan Mgr. Sugiyopranoto, Dalan Jenderal Sudirman nganti tekan jembatan layang Kalibanteng utawa bunderan Kalibanteng. Ing sisih kiwa sakwise lampu bangjo Dalan Pamularsih, banjur nuju Dalan Abdurrahman Saleh. Ing sisih kiwa ana wewangunan kanthi tulisan museum Ranggawarsita. Kejaba iku papan parkire uga amba.

....

6. Pratélan ing ngisor iki kang jumbuh karo isine wacan kasebut yaiku
 - A. Museum Ranggawarsita mapan ing dalan Abdulrahman Saleh Semarang.
 - B. Musium Ranggawarsita salah sawijining papan wisata alam ing kutha Semarang.
 - C. Museum Ranggawarsita mung kanggo nyimpen barang koleksine R Ng Ranggawarsita.
 - D. Museum Ranggawarsita dibukak mligi kanggo bocah-bocah sekolah kang oleh mlebu.
7. Saka punjering kutha, yaiku Simpanglima lan Tugu Muda, pelancong banjur nuju ing Dalan Mgr. Sugiyopranoto. Tembung **pelancong** ing ukara kasebut tegese padha karo tembung
 - A. Punggawa
 - B. Wisatawan
 - C. Sedulur
 - D. Kanca

Wacan iki kanggo nomer 8 - 12

Papan Wisata Baturaden

Papan wisata Baturaden iku mapan ing Kabupaten Banyumas. Papane ing sisih lor Kutha Purwokerto. Baturaden iku tlatah ing perenging Gunung Slamet. Hawane adhem lan sesawangane endah banget.

Swasana adhem lan seger, njalari akeh wong kang padha plesir. Ing Baturaden uga akeh hotel lan wisma kang bisa disewa dening para plancong. Yen wayah esuk, isih ana pedhut kang nambah seger lan endahing sesawangan. Hawa seger kasebut cocog kanggo plesiran.

Kanggo nuju ing Baturaden saiki dalane wis alus. Ora kaya biyen nalika dalane durung diaspal. Saka kutha Purwokerto ora adoh. Watara 15 menit yen nganggo kendharaan pribadi. Rombongan wisata mawa bis, mobil, uga motor bisa mlebu ing Baturaden.

Ing dina Setu lan Minggu, uga ana tontonan calung Banyumasan. Apa iku calung? Calung iku wujud kesenian Banyumasan. Ana piranti calung kang digawe saka pring wulung. Rancag swarane calung, marakake wong-wong kang ana padha melu jejogedan.

Ing Baturaden, sawise mlebu ing gapurane, bakal ana undhak-undhakan dalan kang nuju ing papan-papan tertentu. Ana flying fox, bakul maneka jajanan, tuk banyu, dolanan bocah lan liyane. Kajaba iku uga ana bakul oleh-oleh, arupa gethuk sokaraja, lan liyane.

....

8. Salah sawijining wujud kesenian kang asli saka tlatah Banyumas yaiku
A. Ludruk
B. Lenong
C. Calung
D. Kethoprak
9. Nitik saka pethilan karangan "Papan Wisata Baturaden" kasebut, ing ngisor iki pranyatan kang cocog karo isine karangan yaiku
A. Baturaden iku papan wisata kang hawane adhem, akeh bakul maneka jajanan, lan liyane.
B. Sakiwa tengene Baturaden akeh kadang tani kang padha nandur maneka sayuran kalebu kubis lan wortel.
C. Calung dudu kesenian lokal kang ana ing sajroning papan wisata Baturaden.
D. Ing Baturaden uga ana wisata kang narik kawigaten yaiku planetarium.
10. Paragraf katelu saka wacan kang asesirah Papan Wisata Baturaden ing ngarep nggambarake perangan
A. Dalan nuju Baturaden
B. Aneka jajanan ing baturaden
C. Sarana wisata kang ana
D. Swasana lan hawane Baturaden
11. Miturut wacan kasebut, pratelan ing ngisor iki kang jumbuh karo gagasan pokok kang ana ing paragraf kapindho yaiku
A. Jinise panganan khas saka Banyumas
B. Dalan nuju ing Baturaden
C. Jinise dolanan bocah ing Baturaden
D. Akeh rombongan wisata kang plesir
12. Yen wayah esuk, isih ana pedhut kang nambah seger lan endahing sesawangan.
Tembung *wayah* ing ukara kasebut tegese
A. dina
B. papan
C. putu
D. wanci
13. Bapak kaliyan ibu tindak dhateng Jakarta ... bis saking terminal enjing wau.
Tembung kang trep kanggo ngganepi ukara kasebut yaiku
A. numpak
B. nunggang
C. nggonceng
D. nitih
14. Ukara ing ngisor iki kang nggunakake basa krama alus kanthi trep yaiku
A. Bapak lagi tumbas sepatu ing toko nalika simbah rawuh.
B. Ibu dhahar roti kaliyan midhangetaken gendhing campursari.
C. Simbah sikile sakit amargi dhawah saking sepedha montor.
D. Viola lagi nembang lagu *Sinten Numpak Sepur* ing kelas.
15. Ukara-ukara ing ngisor iki SING ORA migunakake basa krama alus kanthi trep yaiku
A. Pak guru astanipun gerah amargi dhawah.
B. Pak lurah nembe sesorah ing kantor.
C. "Sampeyan ajeng menyang ngendi Mas?"
D. "Ibu badhe mundhut menapa?"
16. Bapak wetenge lara amarga mangan rujak pedhes.
Ukara kasebut manawa disalini dadi basa krama alus kang trep yaiku
A. Bapak wetengipun sakit amargi nedha rujak pedhes.
B. Bapak padharanipun sakit amargi mangan rujak pedhes.
C. Bapak padharanipun gerah amargi dhahar rujak pedhes.
D. Bapak wetengipun gerah amargi maem rujak pedhes.

Tembang Sinom Iki kanggo nomer 17 - 18

*Pangeran kang sipat murah,
Njurungi kajating dasih,
Ingkang temen tinemenan,
Pan iku ujaring dalil,
Nyatane ana uga,
Iya Ki Ageng ing Tarup,
Wiwitane nenedha,
Tan pedhot tumekeng siwi,
Wayah buyut canggah warenge kang tampa.*

(Serat wulangreh pupuh sinom anggitané Susuhunan Pakubuwana IV)

17. Manut Serat wulangreh pupuh sinom anggitane Susuhunan Pakubuwana IV kasebut sapa kang asipat murah?
- A. Pangeran
 - B. Ki Ageng ing Tarub
 - C. Wayah
 - D. Wareng
18. "Tan pedhot tumekeng siwi," tembung **tan pedhot** iku tegese
- A. Dadi pedhot
 - B. Arep pedhot
 - C. Bisa pedhot
 - D. Ora pedhot

Wacan iki kanggo nomer 19 - 23

Kidang Kencana

....

Dumugi Wana Dhandhaka, Kala Marica ingkang asipat raseksa ewah wujud dados Kidang Kencana, Kidang elok ing warni asisik emas endah ngelam-elami, ngengreng merak ati. Kidang Rukmi nunten wira-wiri sacelaking papan dunungipun tiyang tetiga. Sinta sumerep kabregasaning Kidang. Piyambakipun gumun, tuwuh prentuling manah kepengin ngingah Kidang Rukmi. Rama kasuwun nyepengaken kewan ingkang ngelam-elami saha memencut manah punika. "Dhuh Raden, pangayoming jiwa-raga kula. Ing sangajenging netra wonten Kidang Kencana ingkang elok ing warni. Inggih nembe sapisan punika kula sumerep wujud Kidang ingkang ulesipun Kencana. Mendah senenging manah kula manawi saged ngingah Kidang punika minangka panglipuring manah ing salebeting wana ingkang bawera punika," aturipun Putri Mantili". Yai, salumahing bumi sakureping langit tan ana kang ngembari. Tresnane pun kakang marang sliramu tanpa pepindhan. Labuh tresnaku marang sliramu, saiki uga bakal dakwujudi pepenginanmu. Kidang kang kokarepake bakal dakcekel. Mula lilanana pun kakang linggar saka pakuwon," ngendikanipun Raden Rama dhumateng ingkang garwa.

....

19. Kidang kencana ingkang nggodha dhumateng Sinta saestunipun kadadosan saking raseksa, ingkang namanipun
- A. Lesmana
 - B. Kala Marica
 - C. Anoman
 - D. Kumbakarna
20. Pratélan ing ngisor iki kang jumbuh karo wacan kang asesirah "Kidang Kencana" kasebut yaiku
- A. Kala Marica iku sawijining satriya bagus
 - B. Sinta wedi dioyak Kidang Kencana
 - C. Ramawijaya mbudidaya nyekel Kidang Kencana
 - D. Kidang Kencana ora bisa mlayu amarga ngelih
21. "Dhuh Raden, pangayoming jiwa-raga kula. Ing sangajenging **netra** wonten Kidang Kencana ingkang elok ing warni. Tembung "netra" nggadhahi teges sami kaliyan tembung
- A. pakuwon
 - B. omah
 - C. badan
 - D. mripat
22. Dumugi Wana Dhandhaka, Kala Marica ingkang asipat raseksa ewah wujud dados Kidang Kencana. Tembung **kencana** tegese
- A. Emas
 - B. Perak
 - C. Perunggu
 - D. Kuningan
23. Pratélan ing ngisor iki kang kalebu piwulang becik utawa amanat kang bisa dipethik saka wacan crita wayang *Kidang Kencana* kasebut yaiku
- A. Sajroning tumindak iku kudu ngati-ati supaya ora gampang diapusi
 - B. Manawa janji iku nek wis suwe ora perlu dileksanani bae.
 - C. Nek ana perkara ora perlu tetimbangan sarana nalar utawa pikir
 - D. Manawa kancane butuh pitulungan ora usah digagas

Wacan iki kanggo nomer 24 - 26

Laire Raden Rama Wijaya

....
Prabu Dasarata, raja ing Negara Ayodya kagungan garwa cacah telu, yaiku Dewi Kosalya, Dewi Kekayi, lan Dewi Sumitra. Nanging nganti suwe garwa telu kasebut durung peputra. Prabu Dasarata banjur nenuwun marang dewa, ora let suwe garwa cacah telu kasebut padha nggarbini. Dewi Kosalya nglairake putra kakung banjur kaparingan nama Rama, Dewi Kekayi uga nglairake putra kakung kaparingan nama Bharata. Dewi Sumitra nglairake putra kembar diparingi nama Laksmana lan Satrugna

Putra cacah papat kagulawenthah kanthi kebak rasa tresna asih. Saben dina diparingi ngelmu lan seserepan, utamane babagan tresna asih mring sasama, uga marang sakabehing titah. Nengenance manembah marang Gusti Kang Kuwasa, nduweni sipat satriya, sarta gladhen kanuragan.

-
24. Miturut pethikan crita wayang kasebut, Rama Wijaya iku putra raja Ayodya kang lair saka ibu
A. Dewi Kekayi
B. Dewi Kosalya
C. Dewi Sumitra
D. Dewi Sinta
 25. Tembung kang maknane iku mbobot utawa ngandhut ing pethikan karangan kang asesirah "Laire Raden Rama Wijaya" kasebut yaiku
A. Garwa
B. Peputra
C. Nglairake
D. Nggarbini
 26. Tuduhna Pratelan sing trep karo pethilan karangan ing ndhuwur kasebut!
A. Raden Bharata iku sedulur kwalone Raden Rama Wijaya
B. Dewi Kekayi iku ibu kang nglairake Rama Wijaya
C. Prabu Dasarata iku raja kang ora duwe putra
D. putra kembar kang lair arane Laksmana lan Bharata
 27. Ukara-ukara kang kapacak ing ngisor iki sing kalebu jinis ukara tanggap yaiku
A. Zahra tuku siomay ing kantin sekolahan esuk mau.
B. Peleme dibalangi adhiku ing kebon mburi omah.
C. Anggito nggarap tugas Basa Jawa ing kelas.
D. Wingi sore Santosa tuku bakso ing warung.
 28. Saka ukara-ukara kang kapacak ing ngisor iki pilihene kang kalebu jinising ukara tanduk kang bener!
A. Desi diparingi dhuwit simbah kanggo sangu sekolah.
B. Galvin ditukokne sepatu simbah minggu wingi.
C. Uut nandur wit kembang ing latar ngarep omah.
D. Bukune Queen disilih Ida kanggo sinau.

Wacan iki kanggo nomer 29 - 31.

Pak RW : "Kadingaren sore-sore dolan mreng, sajake kok ana bab sing penting."

Salsa : "Mas Bayu, kowe sing matur Pak RW lho, sebab mas Bayu sing luwih ngerti acara sing arep diaturake!"

Bayu : "Inggih Pak RW, minangka Ketua Karang Taruna ing ngriki, kula lan Salsa punika minangka wakilipun kanca-kanca pemudha Mekar Sari ing Dusun Sukamaju ngriki badhe matur prakawis adicara tirakatan mengeti dinten kamardikan Setu ngajeng punika."

Pak RW : "Kepriye sidane miturut para pemudha, apa sida arep nanggap dhangdhut?"

Salsa : "Anu Pak...., babagan usulan dhangdhut rumiyin punika pranyata namung guyonanipun Mas Tonny. Sareng sami pirembagan kanthi musawarah, sedaya sami sepakat manawi ingkang ngisi adicara punika inggih sedaya warga Dusun Sukamaju ngriki kemawon, Pak."

29. Pokok-pokok isi kang jumbuh karo pacelathon ing ndhuwur yaiku
A. Mas Bayu ora gelem matur karo pak RW.
B. Sing ngisi acara ngundang penyanyi saka njaba.
C. Acara tirakatan diisi dening para warga Dusun Sukamaju.
D. Regy nyanyi ndhangdhut ing acara tirakatan.

30. Miturut wacan pacelathon kasebut, tokoh Bayu manawa matur marang Pak RW migunakake basa Jawa ragam
- A. Ngoko lugu
B. Ngoko alus
C. Krama lugu
D. Krama alus
31. "Sareng sami pirembagan kanthi musawarah, sedaya sami sepakat manawi ingkang ngisi adicara punika inggih sedaya warga Dusun Sukamaju ngriki kemawon, Pak."
- Tembung *sepakat* ing pacelathon kasebut tegese padha karo
- A. Sarujuk
B. Gelem
C. Nrima
D. Geseh
32. "Kadingaren sore-sore dolan mrene, sajake kok ana bab sing penting."
- Tembung *sore-sore* ing ukara pacelathon kasebut kosokbalene yaiku
- A. Awan-awan
B. Bengi-bengi
C. Peteng-peteng
D. Esuk-esuk

Wacan iki kanggo nomer 33 - 35

Tekan Kranggan sakulone Secang, dumadakan truk mandheg. Pakdheku sajak bingung saka pasuryane. "Wonten menapa, Dhe? Menapa ban gembes?" Pitakonku.

"Hemm, sajake iki, Le. Coba Pakdhe arep mudhun dhisik. Kowe ana jero bae ya!" Ngendikane.

Blaik, bener pangiraku. Ban truk sisih kiwa mburi gembes. Apes tenan. Nembe tekan kulon Secang, ban truk wis gembes. Pancen lagi apes. Aku melu mudhun ngancani paktdeku. Ndilalah wektu semono, udan rada deres. Paktdeku enggal mundhut dongkrak. Ban gedhe mau banjur dipasang dongkrak. Aku kepengin mbiyantu paktdeku. Mesakke. Nanging paktdeku ora marengake aku mbiyantu. Aku ngawati saka kadohan. Aku kepeksa ngiyub ing ngisor wit.

33. Miturut wacan ing ndhuwur, isine cerita pengalaman pribadi kasebut nyritakake babagan pengalaman kang
- A. lucu, jalaran truke ora bisa mlaku
B. medeni, jalaran ban mburi ucul
C. nyenengake, jalaran dijak plesir
D. nelangsa, jalaran ban truk gembes
34. Pethikan crita pengalaman pribadi kasebut setting utawa latar panggonane yaiku ing
- A. alas
B. pasar
C. dalan
D. sawah
35. Pratélan ing ngisor iki sing jumbuh minangka piwulang becik utawa amanat saka pethikan crita pengalaman pribadi kasebut, yaiku
- A. Manawa arep lelungan kudu mangan kang wareg supaya ing ndalan mengko ora ngelih lan tansah sehat.
B. Nalika lelungan nganggo kendharaan perlu nyepakake piranti kang dibutuhake sawanci-wanci..
C. Manawa arep nyambut gawe kudu nyepakake dhuwit kang akeh supaya bisa kanggo jajan ing paran.
D. Becike nyepakake dhuwit receh kanggo menehi relawan kang nyabrangake ing dalan nalikane numpak kendharaan.

36. || ကုဏ္ဍုလဝါယမဂ္ဂဗျူဟာနိဂ္ဂဟိတဗျူဟာ ||

Tulisan aksara Jawa kasebut manawa disalini dadi aksara latin yaiku

- A. Raden Rama Wijaya manah kidang kencana.
B. Raden Rama Wijaya ngoyak kidang kencana.
C. Raden Lesmana ngoyak kidang kencana.
D. Raden Rama Wijaya ngoyak kidang ing alas.

37. Prabu Dasarata raja ing Negara Ayodya.

Ukara kasebut yen ditulis nganggo aksara Jawa dadi kepriye?

- A. ឥស្សរណ៍ក្រោយពីការស្រាវជ្រាវ ២ ឆ្នាំ ៖

38. *Nonton wayang ing alun-alun, yen ditulis nganggo aksara Jawa kang trep yaiku*

- A. ឥឡូវនេះពួកគេបានប្រើប្រាស់បច្ចេកវិទ្យាថ្មីៗ
B. ឥឡូវនេះពួកគេបានប្រើប្រាស់បច្ចេកវិទ្យាថ្មីៗ
C. ឥឡូវនេះពួកគេបានប្រើប្រាស់បច្ចេកវិទ្យាថ្មីៗ
D. ឥឡូវនេះពួកគេបានប្រើប្រាស់បច្ចេកវិទ្យាថ្មីៗ

39. Arane tokoh wayang Ramayana kang katulis mawa aksara Jawa ing ngisor iki yaiku

- A. កញ្ចប់ស្រូវ
B. កញ្ចប់ស្រូវ
C. កញ្ចប់ស្រូវ
D. កញ្ចប់ស្រូវ

40. || ຖາມບໍລິມາດ ... ກຖາມຄຸນສົມບັດ ||

Cecceg-ceceg/titik-titik ing dhuwur iku isenana nganggo tembung kang trep miturut surasane!

- A. សាសនា
B. ភាសា
C. វប្បធម៌
D. កំណើត

- II. Pilihlah paling akeh (maksimal) 3 wangsulan kanthi menehi tanda centhang (✓) ing lembaran kang wis cumawis ing lembar jawab!

1. Ukara-ukara ing ngisor iki kang kalebu basa Jawa ragam krama alus yaiku

- A. ☐ Apa iki bukune sampeyan mas?
- B. ☐ Eyang kakung ngunjuk teh anget saben dinten.
- C. ☐ Budhe mundhut songsong ing toko Murah.
- D. ☐ Wengi sonten adhi kula dhahar sekul goreng
- E. ☐ Bapak ngrungokaken lagu-lagu campursari saking radio.
- F. ☐ Mbah Atmo tindak dhateng Klaten nitih bis.

2. Tuduhna endi pratelan ing ngisor iki kang jumbuh karo lakon crita wayang Ramayana!
 - A. ☐ Ramanipun Raden Rama Wijaya penika asmanipun Prabu Dasarata.
 - B. ☐ Prabu Dasarata punika raja ing negari Ayodya.
 - C. ☐ Raden Lesmana punika kangmasipun Prabu Dasarata
 - D. ☐ Barata lan Satrugna punika putranipun Dewi Sumitra mijil Kembar.
 - E. ☐ Dewi Kosalya penika garwanipun Prabu Dasarata.
 - F. ☐ Dewi Kekayi nglairaken putra kakung asmanipun Raden Ramawijaya
3. Pratelana ing ngisor iki kang jumbuh karo watak-watake tokoh crita wayang Ramayana yaiku....
 - A. ☐ Dewi Sinta: wanita utama, tresna tuhu dhateng garwa, mituhu dhateng tiyang sepuh.
 - B. ☐ Raden Lesmana: Satriya ingkang sekti, boten remen tetulung sesami, angkara murka.
 - C. ☐ Anoman: tumindakipun utama, boten nurut prentahing ratu, tansah nggresula.
 - D. ☐ Prabu Dasarata: tresna dhateng kulawarga, netepi janjinipun, sregep nyenyuwun ing Gusti.
 - E. ☐ Raden Kumbakarna: angkara murka, mbela tumindak lepat, mboten purun perang.
 - F. ☐ Raden Rama Wijaya: satriya utama, tresna tuhu dhateng garwa, bekti tiyang sepuh.
4. Pilihna Ukara-ukara ing ngisor iki kang kalebu ukara tanggap!
 - A. ☐ Risky nggambar gunung, srengenge, sawah, lan wit-witan ing alas.
 - B. ☐ Kucinge dibalang adhiku amarga mangan gerih ing pawon.
 - C. ☐ Ronny ngumbah sepatu amarga wis reget, suwe ora dikumbah.
 - D. ☐ Sukete dipangan sapi ing kandhang saben esuk lan sore.
 - E. ☐ Buku ing meja kuwi dijupuk kancaku banjur diwaca.
 - F. ☐ Aku nandur wit klapa hibrida ing kebon mburi omah karo adhiku.
5. Ukara ing ngisor iki kang migunakake tembung kosok balen kanthi trep mapan ana ing
 - A. ☐ Gedhe cilik, enom tuwa padha nonton reyog ing alun-alun.
 - B. ☐ Bola-bali dikandhani kok ora digatekake, mulane dadi ora becik.
 - C. ☐ Saben esuk lan sore lawa kuwi padha mabur ing sangarepe guwa.
 - D. ☐ Uwong kuwi kudu tanggap marang wolak-waliking jaman iki.
 - E. ☐ Awan bengi nyambut gawe kanggo nyukupi kebutuhan keluwargane.
 - F. ☐ Ngasah arit nganti landhep, dadi murid kudu sregep.

III. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi patitis ing lembar jawab kang wis cumawis!

1. Terangna apa ancane nulis karangan jinis dheskripsi iku kanthi cetha!
2. Ukara ing ngisor iki owahana supaya dadi basa krama alus kanthi trep!
 - a. Ibu lunga menyang pasar tuku gula wingi esuk.
 - b. Bapak sikile lara amarga tiba anggone numpak sepedha montor.
3. Gatekna teks tembang macapat ing ngisor iki!

*Nanging padha ngestokena
Pitutur kang muni tulis
Yen sira nedya raharja
Anggonen pitutur iki
Nggoningsung ngeling eling
Pitutur wong sepuh sepuh
Muga padha bisaa
Anganggo pitutur becik
Ambrekat wuruke wong tuwa tuwa*

 - a. Tembang ing dhuwur diarani tembang apa?
 - b. Golekana guru gatra, wilangan lan guru lagune tembang ing ndhuwur!
4. Owahana ukara tanduk ing ngisor iki dadi ukara tanggap!
 - a. Donita nggoreng iwak lele ing pawon.
 - b. Pak guru ndhawuhi murid-murid supaya sregep anggone sinau.
5. Ukara ing sisih iki owahana dadi aksara Jawa kanthi trep! Bocah sekolah kudu sinau supaya pinter.